# QARAQALPAQ XALÍQ PEDAGOGIKASÍNÍŃ QÁLIPLESIW TARIYXÍ HÁM OQÍWShÍ JASLARDÍ ÁDEP-IKRAMLÍQ RUWXÍNDA TÁRBIYALAWDÍŃ PEDAGOGIKALÍQ TIYKARLARÍ

**Esemuratova Turganbike Aytmuratovna –** *úlken oqıtıwshı*
esemuratovaturgangul@gmail.com
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ИСТОРИЯ ФОРМИРОВАНИЯ КАРАКАЛПАКСКОЙ НАРОДНОЙ ПЕДАГОГИКИ И ПЕДАГОГИЧЕСКИЕ ОСНОВЫ НРАВСТВЕННОГО ВОСПИТАНИЯ УЧАЩЕЙСЯ МОЛОДЁЖИ

**Есемуратова Турганбике Айтмуратовна –** *старший преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE HISTORY OF KARAKALPAK FOLK PEDAGOGY FORMATION AND PEDAGOGICAL FOUNDATIONS OF MORAL EDUCATION OF STUDENTS

**Esemuratova Turganbike Aytmuratovna –** *Senior Lecturer*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** qoraqalpoq xalq pedagogikasi, axloqiy tarbiya, xalq og‘zaki ijodi, milliy qadriyatlar, urf-odatlar, an’analar, o‘quvchi yoshlar, ma’naviy tarbiya.

**Rezyume.** Mazkur maqolada qoraqalpoq xalq pedagogikasining shakllanish jarayoni, uning tarixiy ildizlari, milliy qadriyatlar tizimidagi o‘rni hamda o‘quvchi yoshlarga axloqiy tarbiya berishdagi ahamiyati yoritilgan. Shuningdek, xalq og‘zaki ijodi, urf-odatlar, milliy an’analar va qadriyatlarning yosh avlodda odob-axloq, mehnatsevarlik, vatanparvarlik, insonparvarlik hamda ma’naviy fazilatlarni shakllantirishdagi pedagogik imkoniyatlari tahlil qilingan.

**Ключевые слова:** каракалпакская народная педагогика, нравственное воспитание, устное народное творчество, национальные ценности, традиции, обычаи, учащаяся молодежь, духовное воспитание.

**Резюме.** В данной статье рассматриваются процесс формирования каракалпакской народной педагогики, её исторические основы, место в системе национальных ценностей и значение в нравственном воспитании учащейся молодежи. Особое внимание уделяется педагогическим возможностям устного народного творчества, обычаев, традиций и национальных ценностей в формировании нравственных качеств, трудолюбия, патриотизма, гуманизма и духовной культуры подрастающего поколения.

**Key words:** karakalpak folk pedagogy, moral education, folklore, national values, customs, traditions, students, spiritual education.

**Summary.** This article examines the formation of Karakalpak folk pedagogy, its historical foundations, its role within the system of national values, and its significance in the moral education of students. It also analyzes the pedagogical potential of folklore, customs, traditions, and national values in fostering morality, diligence, patriotism, humanism, and the spiritual development of the younger generation.

**Kirisiw.** Qaraqalpaq xalıq pedagogikası xalıqtıń kóp ásirlik turmıs tájiriybesi, ruwxıy miyrası, milliy qádiriyatları hám tárbiyağa tiyisli kózqaraşlarınıń jıynağı bolıp tabıladı. Ol uzaq tariyxıy rawajlanıw dáwirlerinde qáliplesip, áwladtan-áwladqa awızeki hám ámeliy túrde jetkerilip kelgen. Xalıq pedagogikasınıń tiykarğı maqseti jas áwladtı adamgershilikke, ádep-ikramlılıqqa, Watansúy-iwshilikke hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarğa húrmet ruwxında tárbiyalawdan ibarat. Búgingi kúnde globallasıw sharayatında jaslar tárbiyasında milliy qádiriyatlardı saqlap qalıw hám olardı tálim-tárbiya procesine engiziw máselesi ayrıqsha áhmiyetke iye bolmaqta. Usı bağdarda qaraqalpaq xalıq pedagogikasınıń múmkinshiliklerin úyreniw hám onnan nátiyjeli paydalanıw pedagogika iliminiń áhmiyetli wazıypalarınan biri esaplanadı.

**Ádebiyatlar sholıwı.** Qaraqalpaq xalıq pedagogikasınıń qáliplesiwi xalqımızdıń turmıs táriyxı, sociallıq-ekonomikalıq jağdayları, miynet dástúrleri hám ruwxıy qádiriyatları menen tığız baylanıslı bolğan. Qaraqalpaq xalqı jas áwlad tárbiyasına barlıq waqıtta úlken itibar bergen. Dáslep biz qaraqalpaq xalıq pedagogikasınıń qáliplesiwin úyrene otırıp bul máselede ilimiy-izertlewler alıp barğan pedagog ilimpazlarımızdıń pikirlerine itibar qarattıq.

Pedagog P.Ábdimuratovtıń “Xalıq pedagogikası – adamlardıń kóp ásirlik úrp-ádet, dástúrlerin, tárbiyalıq tájiriybelerin, bay turmıslıq bilimlerin ózine jámlegen xalıq turmısınıń sáwleleniwi hám dúnyağa kózqarası” – dep bergen táriypi xalıq pedagogikasınıń mazmunın tolıq ashıp beredi [1]. Bul pikirde kórinip turğanınday, xalıq pedagogikası tek tárbiya usıllarınıń jıyındısı ğana emes, al ol milliy mádeniyat, ruwxıy qádiriyatlar, úrp-ádetler hám áwladtan-áwladqa berilip kelgen tájiriybeniń birliginen quralğan pedagogikalıq sistema esaplanadı. Xalıqtıń turmıs tártibi, miynetke, adamgershilik qásiyetlerge, shańaraq hám jámiyetke bolğan munásibeti xalıq pedagogikası arqalı jas áwlad sanasına sińdiriledi.

Ilimiy jaqtan alğanda, bul anıqlama xalıq pedagogikasınıń negizgi qásiyetlerin – tariyxıylığı, úzliksizligi, milliyligi hám ámeliy bağdarlanğanlılığın belgileydi. Sebebi, xalıq pedagogikası adamlardıń kóp jıllıq tájiriybesine tayanğan halda qáliplesken bolıp, ol jas áwladtıń adamgershilik, miynetsúygishlik, watansúyiwshlik, úlkenge húrmet hám kishige izzet sıyaqlı pazıyletlerin qáliplestiriwge xızmet etedi. Sonlıqtan ilimpazdıń bul ilimiy kózqarası házirgi zaman pedagogikasında da óz áhmiyetin joğaltpağan, sebebi ol milliy tárbiya mazmunın bayıtıw hám jaslardı ulıwma insanıylıq hám milliy qádiriyatlar tiykarında tárbiyalawda metodologiyalıq negiz sıpatında xızmet etedi.

Ázelden balanı tárbiyalawda ata-ana, qáwim aqsaqalları hám ulıwma jámiyet qatnasqan. Xalıq arasında tarqalğan ertekler, dástanlar, naqıl-maqallar, jırlar hám ańızlar balalarğa bilim beriw menen birge olardıń ruwxıy

ózgesheliklerin qáliplestiriw quralı sıpatında qollanılǵan. Ásirese, «Qırıq qız», «Alpamıs», «Edige» sıyaqlı dástanlarda batırlıq, hadallıq, doslıqqa sadıqlıq, ata-ananı húrmet etiw hám Watandı qádirlew ideyaları keńnen súwretlenedi. Bul shıǵarmalar arqalı jaslarǵa jaqsılıq penen jamanlıqtı ajıratıw, durıs qarar qabıllaw hám óz minez-qulqın basqarıw sıyaqlı qásiyetler sińdirilgen.

Úlken áwlad ózinen kishkene áwladqa toplanılǵan tájiriybelerdi awızeki aytıp, úyretip hám islep kórsetip uqıp kónlikpesin rawajlandırıwı menen xalıqtıń toqtawsız, turmıslıq bilimi hám ámeliy tálim-tárbiyalıq tájiriybesi negizinde xalıq pedagogikası qáliplese basladı [2]. Ilimpazlardıń bul pikirleri xalıq pedagogikasınıń tabiyiy hám úzliksiz rawajlanıw procesi ekenligin kórsetedi. Áwladtan-áwladqa awızeki túrde berilip kelgen bilim, kónlikpe hám tájiriybeler xalıq pedagogikasınıń eń áhmiyetli deregi esaplanadı. Sebebi jazba pedagogikalıq miynetlerde payda bolmastan aldın tárbiya procesi turaqlı túrde úlken áwladtıń óz tájiriybesin jas áwladqa úyretiwi arqalı ámelge asırılǵan. Bul process jaslardı turmısqa tayarlaw, miynetke úyretiw, adamgershilik pazıyletlerin qáliplestiriw hám milliy qádiriyatlardı saqlap qalıwda úlken áhmiyetke iye bolǵan.

Sonıń menen birge, xalıq pedagogikasınıń qáliplesiwi tek bilimdi jetkerib beriw  menen ǵana sheklenbeydi. Ol xalıqtıń salt-turmısı, úrp-ádetleri, dástúrleri, awızeki xalıq dóretpeleri, oyınları, naqıl-maqalları hám dástanları arqalı da bayıtılıp otırǵan. Usı tárizde xalıq pedagogikası hár bir tariyxıy dáwirde jámiyet talaplarına say jetilistirilip, milliy tárbiya sistemasınıń negizine aylanǵan. Qaraqalpaq xalıq pedagogikasınıń eń tiykarǵı qásiyetleriniń biri ádep-ikramlılıq tárbiyasına ayrıqsha itibar beriw bolıp tabıladı. Ádep-ikramlılıq tárbiyası shaxstıń sanasın, minez-qulqın hám qádiriyatların qáliplestiriw procesi sıpatında qaraladı.

Pedagogikalıq ádebiyatlarda ádep-ikramlılıq- bul (arab tilinen alınıp- minez qulıq mánisin bildiredi) sociallıq sana formalarınıń biri bolıp, sociallıq múnásibetler hám shaxstıń tártipke salıwshı qaǵıydalardıń jıyındısı dep anıqlama berilgen [3]. Ádep-ikramlılıq tek jeke adamnıń minez-qulqı emes, al jámiyettegi sociallıq múnásibetlerdi retlestiriwshi ádeplilik normaları hám qádiriyatlar jıyındısı ekenligin kórsetedi. Ilimiy kózqarastan alǵanda, ádep-ikramlılıq shaxstıń tek teoriyalıq bilimine emes, al onıń kúndelikli is-háreketi, basqalar menen múnásibeti, jawapkershiligi hám qádiriyatlarǵa bolǵan kózqarasına baylanıslı qáliplesedi. Ol shańaraq, mektep, jámiyet hám xalıq pedagogikasınıń tárbiyalıq tásirleri nátiyjesinde rawajlanadı. Ásirese, xalıq pedagogikasındaǵı úrp-ádetler, dástúrler, naqıl-maqallar hám úlkenge hurmet, kishige izzet sıyaqlı qádiriyatlar ádep-ikramlılıqtıń mazmunın bayıtıp, jas áwladtıń ruwhıy tárbiyasınıń sapaların qáliplestiriwge xızmet etedi.

Xalıq pedagogikasında ádep-ikramlılıq, mehir-aqıbet, sabırlılıq, hadallıq, keshirimlilik, kishipeyillilik sıyaqlı páziyletler joqarı bahalanǵan. «Ádep bası sálem», «Jaqsılıq etsen, ózińe qaytadı», «Úlkenge húrmet, kishige izzet» sıyaqlı naqıl-maqallar arqalı jaslarǵa morallıq normalar túsindirip berilgen. Bul naqıllar xalıqtıń pedagogikalıq oy-pikirleriniń qısqa hám mazmunlı kórinisi bolıp esaplanadı.

Xalıq pedagogikasında miynet tárbiyası da úlken orın iyeleydi. Qaraqalpaq xalqı miynetti adamnıń tiykarǵı qádiriyatı dep bilgen hám balalardı kishkene jastan miynetke úyretken. Ul balalar mal sharwashılıǵı, diyqanshılıq hám shańaraq jumıslarına qatnasqan bolsa, qız balalar úy isleri, qonaq kútıw, qol óneri sıyaqlı jumıslarǵa úyretilgen. Bul process tek ǵana miynet kónlikpelerin emes, al jawapkershilik, tártiplilik, turaqlılıq hám miynetke húrmet sezimlerin de qáliplestirgen. Xalıq arasında «Miynet etseń erinbey, toyadı qarnıń tilenbey», «Miynet túbi – ráhát» degen naqıllardıń keń tarqalǵanı da sonıń ayqın dáliyli.

Pedagogikalıq ádebiyatlarda «Miynet tárbiyası – eń tiyimli, eń tásirsheń, eń kúshli hám eń nátiyjeli tárbiya túri» dep bahalanıwı biykar emes [4]. Bul pikir insan shaxsınıń qáliplesiw procesinde miynettiń tek ekonomikalıq qural emes, al ruwxıy, ádep-ikramlılıq, intellektual hám sociallıq qásiyetlerdi bir waqıtta rawajlandıratuǵın pedagogikalıq faktor ekenliginen kelip shıǵadı. Miynet arqalı bala óz kúshin, múmkinshiliklerin, juwapkershiligin hám átirapındaǵılar menen birgelikte is alıp barıw tájiriybesin iyeleydi. Sol sebepli miynet tárbiyası basqa tárbiya túrlerin tolıqtırıp qalmay, olardıń ámeliy negizin jaratadı.

**Talqılaw.** Zamánagóy pedagogikalıq izertlewlerde miynet tárbiyası bala shaxsınıń kompetentligin qáliplestiriwdiń tiykarǵı mexanizmlerinen biri retinde qaraladı. Ásirese, kompetenciyalıq jantasıw sharayatında oqıwshınıń teoriyalıq bilimdi ámeliy xızmet penen baylanıstırıwı, mashqalaǵa sheshim tabıwı, dóretiwshilik penen pikirlew hám birgelikte islew kónlikpelerin iyelewi miynet tárbiyası arqalı bekkemlenedi. Bul bolsa miynettiń tek kásipke tayarlaw emes, al ómirlik kompetenciyalardı qáliplestiriw quralı ekenligin kórsetedi.

Ilimpazlardıń pikirinshe, miynet tárbiyasınıń tásirsheńligi onıń ózgesheliginen kelip shıǵadı. Sebebi bala miynet procesinde tayın bilimdi qabıllamaydı, al ózi izlenedi, sınap kóredi, qateligin túsinedi hám dúzetedi. Bunday ámeliy tájiriybe bilimniń tereń ózlestiriliwine, ózine isenimniń artıwına hám juwapkershiliktiń seziminiń qáliplesiwine alıp keledi. Psixologiyalıq izertlewler de ámeliy iskerlik arqalı alınǵan tájiriybeniń uzaq waqıtqa saqlanıwın tastıyıqlaydı.

Miynet tárbiyasınıń ádep-ikramlılıq tárbiyası menen baylanısı da ilimiy ádebiyatlarda keń sáwlelendiriledi. Hadal miynetke qádiriyat sıpatında qaraw, óz miynetiniń nátiyjesine húrmet penen qaraw, basqalardıń miynetin qádirlew, tártipke boysınıw hám úzliksiz ózin jetilistiriw sıyaqlı qásiyetler bala sanasında birden emes, al sistemalı miynet iskerligi arqalı qáliplesedi. Sonıń ushın miynet tárbiyası ádep-ikramlılıq normaların bekkemlewdiń ámeliy mektebi dep bahalanadı.

Búgingi global ózgerisler shárayatında miynet tárbiyasınıń mazmunı da jańalanıp atır. Endi ol tek qol miyneti menen sheklenbey, sanlı texnologiyalar, innovaciyalıq pikirlew, startap mádeniyatı, ekologiyalıq juwapkershilik hám sociallıq joba iskerligi menen baylanıstırılmaqta. Bul jańasha mazmun oqıwshılarda miynet bazarına beyimlesiw, óz aldına maqset qoyıw, resurslardı nátiyjeli paydalanıw hám óz bilimlerin úzliksiz jetilistiriw sıyaqlı sapalardı qáliplestiredi.

Qaraqalpaq xalqınıń dástúrleri hám úrp-ádetleri de ádep-ikramlılıq tárbiyanıń tiykarǵı derekleri bolıp tabıladı. Ul úylendiriw, qız uzatıw, besik toy, tusaw kesiw, súnnet toy hám basqa da dástúrler balalarǵa milliy qádiriyatlardı úyretiw quralı sıpatında xızmet etken. Bul dástúrlerde sıylaw, bir-birine járdem beriw, tuwıqanshılıqtı kúsheytiw hám shańaraq birligin saqlaw ideyaları kórinis tabadı. Dástúrler arqalı jaslar óz xalqınıń tariyxın, mádeniyatın

hám qádiriyatların úyrenedi, óz milliy identifikaciyasın qáliplestiredi.

**Nátiyjeler.** Ádep-ikramlılıq tárbiya beriwde shańaraq penen mekteptiń birge islesiwide ayrıqsha áhmiyetke iye. Xalıq pedagogikasında shańaraq balanıń birinshi tárbiya oshaǵı dep esaplanǵan. Ata-ana óz minez-qulqı menen balaǵa úlgi bolıwı kerek dep qaralǵan. Bala eń dáslepki ádep normaların, adamlar menen qarım-qatnas jasaw qáǵıydaların hám ádep-ikramlılıq ózgesheliklerin shańaraqta úyrenedi. Sonlıqtan xalqımız «Qus uyasında kórgenin qıladı» dep biykar aytpaǵan. Mektepte beriletuǵın tárbiya shańaraqtaǵı tárbiya menen birlestirilgen jaǵdayda ǵana joqarı nátiyje beredi.

Búgingi kúnde mektep tálim-tárbiya procesinde xalıq pedagogikasınan keń paydalanıw zárúr. Ásirese, tárbiya sabaqlarında naqıl-maqallar, ertekler, dástanlar hám xalıq oyınların qollanıw oqıwshılardıń ruwxıy sanasın rawajlandırıwǵa járdem beredi. Xalıq oyınları arqalı balalarda doslıq, birgelikte islesiw, tártiplilik hám shıdamlılıq qásiyetleri qáliplesedi. Ertekler hám ańızlar arqalı bolsa jaqsılıq penen jamanlıqtıń ayırmashılıǵı túsindiriledi. Sonıń menen birge oqıwshılarda milliy qádiriyatlarǵa húrmet, watansıyiwshilik hám insanıylıq jawapkershilik sezimleri qáliplesedi.

Qaraqalpaq xalıq pedagogikası jaslarda watansúyiwshilik tárbiyasın qáliplestiriwde de úlken orın tutadı. Xalıq awızeki dóretpelerinde tuwılǵan jerdi súyiw, el-jurttı qádirlew hám onı qorǵaw ideyaları baslı orında turadı. Dástan qaharmanları hámme waqıtta eldiń mápi ushın gúresken hám bul jaslar ushın úlgi bolıp xızmet etken. Watansúyiwshilik tárbiyası jaslarda óz xalqınıń tariyxına, mádeniyatına hám tiline bolǵan húrmetti kúsheytedi.

Sonday-aq, xalıq pedagogikası jaslarda kommunikativlik mádeniyattı qáliplestiriwge de járdem beredi. Miymandoslıq, bir-birine húrmet penen qaraw, jaqsı sóylew hám adamlardıń qádirin biliw qaraqalpaq xalqınıń tiykarǵı qásiyetleri bolıp esaplanadı. Bul qásiyetlerdi jaslarda qáliplestiriw jámiyettegi sociallıq qatnaslardıń durıs rawajlanıwına járdem beredi.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq xalıq pedagogikası jas áwladtı ádep-ikramlılıq, adamgershilik, miynetsúygishlik hám watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalawda ulıwma pedagogikalıq sistemanıń ajıralmas bólegi bolıp tabıladı. Onıń tiykarında xalqımızdıń kóp ásirlik tájiriybesi, qádiriyatları hám ruwxıy miyrası jatır. Sonlıqtan da mektep táliminde hám shańaraq tárbiyasında xalıq pedagogikasınıń múmkinshiliklerin keń qollanıw jaslarda joqarı ruwxıy qásiyetlerdi qáliplestiriwge, olardı kamil insan etip tárbiyalawǵa hám jámiyettiń rawajlanwına ılayıq úles qosa alatugın shaxs sıpatında qáliplesiwine xızmet etedi.

## Ádebiyatlar


1. Abdimuratov P.S. Qaraqalpaq xalıq pedagogikası. Sabaqlıq. –Nókis: “Bilim”, 2025.
2. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. Pedagogika. –Nókis: 2009.
3. Xodjaev B.X. Umumiy pedagogika nazariyasi va amaliyoti. Darslik, -Toshkent: «Sano-standart», 2017.
4. Pazilov A.K. hám b. Pedagogika teoriyası. - Toshkent: “Noshir,” 2018. 368-b